Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет



Гумбет районалъул газета

№ 50 (6886) 25 декабрь 2023 с. Итни Жумадул ахир 1445 с. Багьа - эркенаб


БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## «Сахлъи цIуни»

### ЛъаратIа: капремонталдаса хадуб фельдшеразул пункт рагьана

**2023-абилеб соналъул 20-абилеб декабралда Бакълъул мухъалъул ЛъаратIа росулъ капиталияб ремонталдаса хадуб фельдшеразул пункт рагьана. Гьенир хIалтIаби гьаризе рес щвана «Сахлъи цIуни» программа муниципалитеталда нухдаинабулеб букIиналъ.**







Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул министрасул заместитель Патхула Патхулаевас, ЦРБялъул бетIерай тохтур ПатIимат ГIабдурауповалъ, ЛъаратIа росдал бегавул Анвар Зулумхановас, районалъул администрациялъул хIалтIухъан ХIайбула ГIабдурахIмановас ва цогидаз.





ФПалда хисана тIох, къватIисан къадазда керамогранит ккуна, кафель ккун, къачIана жанисан рукъзал, хисана нуцIби, гордал, рагIалде рахъинаруна цогидал хIалтIабиги. КватIичIого медпункт хIажатал алататздалъун хьезабизе буго.

Районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас баркала загьир гьабуна ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляевалъе медицинаялъул рахъал церетIезе квербакъулел программаби бакълъулазул мухъалда нухдаинаризе кумек гьабуралъухъ, гьединго баркала кьуна цогидал фельдшеразул пункт къачIаялъулъ гIахьаллъаразе.

Медпункт рагьиялъул тадбиралдаса хадуб гьабураб ремонталъул халгьабуна ва хIалтIабазе къимат кьуна. Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас кIудияб кIвар кьола муниципалитеталлда медицинаялъул рахъал церетIеялде, ДРялъул Минздравалъул махщалилалгун щулияб бухьен гьабун буго.

Гъалиповас баркала загьир гьабулеб буго федералияб ва регионалияб тIалъиялъе, ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Васильевна Беляевалъе ва гьелъул заместитель Аздар Ибадуллаевич Мирзоевасе, Патхула МухIамадович Патхулаевасе, «Дирекция развития сети объектов здравоохранения РД» ГКУялъул директор ГIали ШайхмухIамадович ГIалиевасе, гьесул заместитель, Игьали росулъа АхIмад МухIамадович Сулаймановасе. Гъалип Гъалиповас гьарана гьезие киназего щулияб сахлъигун халатаб гIумру.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Балугълъиялде рахинчIезул ихтиярал цIуни**

- 2 гьум.



**«Дагъистан Республикаялъул лъагIалил мугIалим – 2024»**

- 2 гьум.



**ДРялъул ХIукуматалъул ХIурматалъул грамотаялъе мустахIикълъана Батирбег Абакаров ва Сакинат Лабазанова**

- 2 гьум.




**Санкт-Петербургалдаса 7 меседил медальгун тIадруссана**

- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ПIали-хIажи

№ 50 25 декабрь 2023 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Гъалип Гъалипов: «Дагъистаналъул бетIерасул рахъалдасан грант щвей – киналго бакълъулазул бергьенлъи»

### ХIаракаталъулъ – баракат

**Араб, 2022-абилеб соналъ хIалтIул лъикIал хIасилал рихьизариялъ мугIрузул районазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана Бакълъул мухъалъе. Гьедин, муниципалитеталъе щвана Дагъистаналъул бетIер Сергей Алимович Меликовасул рахъалдасан грант. Гьединал баянал гьарун руго ДРялъул бетIерасул Администрациялъул телеграм-каналалда.**



Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баркала кьуна республикаялъул тIалъиялъе, командаялъе, муниципалитеталъул администрациялъул хIалтIухъабазе, районалъул росабазул захIматчагIазе ва гIагараб Бакълъул мухъ цебетIезе квербакъаралщиназе.

«Дагъистаналъул мугIрузул районазда гьоркьоб хIалтIул бищун лъикIал хIасилал рихьизарураб муниципалитетлъун ккана Бакълъул мухъ. ЛъикIал хIасилал рихьизаризе рес щвана районалда федералияб ва регионалияб проектал нухдаинарулел рукIиналъ.

РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго Дагъистаналъул бетIер Сергей Алимович Меликовасе, республикаялъул ХIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим МухIудинович ГIабдулмуслимовасе, ДРялъул экономикаялъул ва бакIалъулаб цебетIеялъул министр ХIажи Русланович Султановасе Бакълъул районалъул хIалтIуе кьимат кьуралъухъ.

Гьединго баркала буго бакълъулазе росдал магIишат ва цогидал рахъал церетIезе бахъулеб хIаракаталъухъ. Дагъистаналъул бетIерасул грант щвей – киналго бакълъулазул бергьенлъи», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Балугълъиялде рахинчIезул ихтиярал цIуни

### ЛъагIалил хIасилал гьаруна

**БалугълъиялдерахинчIезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул заседание тIобитIана араб анкьалъ бакълъулазул администрациялда районалъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасул нухмалъиялда.**



Гьенир гьединго гIахьаллъана администрациялъул КДНялъул ва ЗПялъул жавабияв секретарь ГIабдурахIман Дайтмирзаев, муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул махщалилав ГIабдула МухIамадов, РФялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул балугълъичIезда гьоркьоб хIалтIаби гьариялъул инспектор ГIалиасхIаб Юсупов, бакълъулазул мухъалда бугеб ДРялъул ЦСОНялъул нухмалъулев Абакар МухIамадов, гьесул заместитель Рашидбег Исубов, районалда бугеб ЦЗНялъул хIалтIухъан Мурадбег ГIизраилов ва УСЗНялъул махщалилав Мурадбег ГIабдурахIманов.

Заседаниялда комиссиялъ лъагIалида жаниб гьабураб хIалтIиялъул хIасилал гьаруна ва 2024-абилеб соналъ нухдаинаризе ругел ишазул бицана. Рорхарал суалал тIуразе квербакъулел хIукмабиги гьаруна тадбиралда гIахьаллъараз.

**Макка МухIамадова**

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

# «Дагъистан Республикаялъул лъагIалил мугIалим – 2024»

### Конкурсалъул муниципалияб бутIа тIобитIана

**Бакълъулазул районалда «Дагъистан Республикаялъул лъагIалил мугIалим – 2024» конкурсалъул муниципалияб бутIа тIобитIана. Администрациялъул дандерусиназул кIалгIадухъ, тадбир рагьулаго, кIалъазе вахъана муниципалиталъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев.**



Конкурсалда гIахьаллъараз рихьизаруна жидерго проектал, лъай кьеялъе хIалтIизарулел техническиял рахъал ва гь. ц. Гьединго къецазулъ гIахьаллъарал мугIалимаз МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалда дарс кьеялъул рахъалъ махщел бихьизабуна.

Конкурсалъул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул хIисаб гIелмуялъул мугIалим ГIайшат Шихмирзаева, кIиабилеб бакI щвана ЦIияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъул ингилис мацIалъул мугIалим Мадина МухIамадовалъе, лъабабилеб бакI ккуна игьелдерил гьоркьохъеб школалъул тарихалъул мугIалим Зайнаб Малачиевалъ ва Гьоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Мариям ХIамзатовалъ.




Бергьенлъи босаралъе ва къиматал бакIал ккуразе районалъул лъайкьеялъул управлениялъул рахъалдасан грамотаби ва сайгъатал кьуна. Конкурсалъул зоналияб бутIа тIобитIизе буго Бакълъул районалда. Тадбир гIуцIизе буго ЦIияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалда 2024-абилеб соналъул 1-2 марталда. Гьенир гIахьаллъизе руго Дагъистаналъул 12 муниципалитеталъул вакилзаби.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас конкурсалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъаралда ва призовиял бакIал ккуразда баркана, гьарана нахъеккуни бергьенлъаби ва сундулъго цебетIей.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# ДРялъул ХIукуматалъул ХIурматалъул грамотаялъе мустахIикълъана Батирбег Абакаров ва Сакинат Лабазанова

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Дагъистаналъул ХIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул бетIерлъиялда ДГУНХялда кванил нигIматазул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул суалал рорхараб сессия тIобитIана. Тадбиралда гьединго росдал магIишаталъул рахъал церетIезаризе хIаракат бахъарал махщалилазе шапакъаталги кьуна.**



Гьедин, лъикIал хIалтIул хIасилал рихьизаруралъухъ Бакълъул районалъул кIудияв вехь Батирбег Абакаровасе ва муниципалитеталъул росдал магIишаталъул управлениялъул хIалтIухъан Сакинат Лабазановалъе ДРялъул ХIукуматалъул ХIурматалъул грамотаби кьуна.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас Абакаровасда ва Лабазановалда шапакъатал щвей баркана, нахъеккунги хIалтIулъ ва гIумрудулъ церетIеял гьарана.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

## Санкт-Петербургалдаса 7 меседил медальгун тIадруссана

### Бакълъулазул спортсменаз грепплингалъул ва джиу-джитсуялъул рахъалъ гьунар бихьизабуна

**Бакълъулазул спортсменаз лъикIал хIасилал рихьизаруна Санкт-Петербургалда тIобитIараб грепплингалъул ва джиу-джитсуялъул рахъалъ рагъараб чемпионаталда. Тадбиралда анкьго бакълъулав мустахIикълъана меседил медалалъе.**




Гьедин, спортивиял къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана: МелъелтIаса Юсуп СагIадулаев (75 кг), Игьалиса Халид МуртазагIалиев (84 кг); Гъоркь Инхоса Юнус НурмухIамадов (65 кг); ТIад Инхоса СагIид СайгидахIмадов (70 кг); МухIамад КаримухIамадов (ТIад Инхо, 80 кг); АхIмад ГIалиханов (ТIад Инхо, 65 кг).

Гьединго тIоцебесеб ва призовиял бакIазе мустахIикълъана Бакълъул мухъалдаса гьитIинал спортсменалги. Анкьго сон барав Юсуп МухIамадов вахъана чемпионлъун (Аргъвани), гьебго росулъа ГъазимухIамад МухIамадовасе (14 сон) ва ГIумар МухIамадовасе (13 сон) щвана гIарцулал медалал.

Муниципалитеталъул бетIер ГIалип ГIалиповас спортсменазда баркана чемпионаллъун рахъин ва къиматал бакIал кквей, гьарана нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби ва сундулъго икъбал.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка – 2024

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2024-абилеб соналъе**




**«Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениязданги редакциялдасанги.**

Ниж божарал руго, росабазул администрациязул бутIрузул, почалъул хIалтIухъабазул, газета цIалулезул кумекалдалъун 2024-абилеб соналъ «Гумбет» газеталъул къадар цIикIкIине букIиналда.

**ЛъагIалие багьа:**
почалдасан – 740 гъурущ
редакциялдасан – 250 гъурущ.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

## ЧIиркъатIаса Шамил МухIамадбакиров – СКФОялъул рагъулаб самбоялъул чемпион

**Чачаналъ тIобитIараб СКФОялъул рагъулаб самбоялъул чемпионаталда тIоцебесеб бакI ккуна Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росулъа Шамил МухIамадбакировас.**

Бакълъулазул спортсмен цеве вахъана 98 кг цIайиялда ва бергьенлъи босана киналго дандияздада тIад. Бакълъул районалъул бетIерас баркана Шамилида чемпионлъун вахъин, гьарана гьесие нахъеккунги спорталъулъ ва гIумрудулъ цебетIей.

Бакълъулазул мухъалда кIудияб кIвар буссинабун буго спорт цебетIеялде, муниципалитеталъул тIалъиялъ хIаракат бахъулеб буго цIияв гIелазул спорталдехун ва физическияб культураялдехун рокьи бижизабизе.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Памятка по соблюдению мер пожарной безопасности в новогодние праздники

**В период новогодних и рождественских праздников наиболее частой причиной возникновения пожара становится:**

-нарушение правил использования пиротехнических изделий гражданского назначения;

-использование не сертифицированных елочных гирлянд (иных электропотребителей);




-неосторожное обращение с источниками открытого огня;

-курение в состоянии алкогольного опьянения.

Чтобы избежать подобных ситуаций и не испортить новогодние торжества, необходимо соблюдать ряд простых правил пожарной безопасности.

**Меры безопасности при использовании пиротехники**

**Запрещено:**

-устраивать салюты ближе 50 метров от жилых домов и легковоспламеняющихся предметов, под низкими навесами и кронами деревьев;

-держать фитиль во время зажигания около лица;

-использовать пиротехнику при сильном ветре;

-направлять ракеты и фейерверки на людей;

-низко нагибаться над зажженными фейерверками; находиться ближе 15 метров от зажженных пиротехнических изделий.

Поджигать фитиль нужно на расстоянии вытянутой руки. Помните, что фитиль горит 3-5 секунд. Отлетевшую искру очень трудно потушить: поэтому, если она попадет на кожу – ожог гарантирован. При работе с пиротехникой категорически запрещается курить. В радиусе 50 метров не должно быть пожароопасных объектов. При этом зрителям следует находиться на расстоянии 15- 20 метров от пусковой площадки, обязательно с наветренной стороны, чтобы ветер не сносил на них дым и несгоревшие части изделий.

Категорически запрещается использовать рядом с жилыми домами и другими постройками изделия, летящие вверх: траектория их полёта непредсказуема, они могут попасть в дом, залететь на чердак или крышу и стать причиной пожара. Категорически запрещается применение изделий с истекшим сроком годности, следами порчи, без инструкции по эксплуатации и сертификата соответствия (декларации о соответствии, либо знака соответствия).

Не рекомендуется зажигать дома бенгальские огни, использовать взрывающиеся хлопушки, зажигать на ёлках свечи, украшать их игрушками из легковоспламеняющихся материалов. Не оставляйте без присмотра включённые электроприборы. Если вы решили на Новый Год поставить в квартире ёлочку – до установки держите её на морозе. Осыпавшуюся хвою нужно сразу убирать – она, как порох, может вспыхнуть от любой искры. Ставьте зелёную красавицу на надёжном основании, на расстоянии от электронагревательных приборов и не устанавливайте на ней свечи и пиротехнические изделия. Искусственные новогодние елки изготавливают из синтетических материалов, которые зачастую пожароопасны и при горении выделяют токсичные вещества опасные для здоровья.

Не забудьте, выходя из дома, выключить электроприборы из сети, закрыть окна, форточки во избежание попадания в помещение, пиротехнических изделий. Не храните источники зажигания в местах, доступных детям. Также помните, что курение в состоянии алкогольного опьянения, либо сильного переутомления часто становится причиной пожара.

**В случае возникновения пожара необходимо!**

-Немедленно сообщить об этом в пожарную охрану по телефону 112 с мобильного телефона.

-Принять меры по эвакуации людей и тушению пожара первичными средствами;

-Отключить электроэнергию;

-Встретить прибывшие пожарно - спасательные формирования и указать место пожара.

Помните: соблюдение мер пожарной безопасности – это залог вашего благополучия, сохранности вашей жизни и жизни ваших близких! Пожар легче предупредить, чем потушить!

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

РИТМ ГУМБЕТА

## В рамках нацпроекта России «Здравоохранение» провели капремонт ФАПа в высокогорном селе Цилитль

**В поселениях Гумбетовского района реализуются федеральные и региональные проекты.**

В рамках нацпроекта России «Здравоохранение» провели капремонт ФАПа в высокогорном селе Цилитль. Учреждение получило новую крышу из металлопрофиля, корпус обшили сайдингом, были проведены внутренние работы. В здании ФАПа имеются электрокардиограф, кислородный аппарат, сухожаровой шкаф, акушерское кресло.




Пункт оснащён по стандартам оказания первичной медико-санитарной помощи.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Правила эксплуатации газовых приборов

**При эксплуатации газовых плит, печей и колонок необходимо соблюдать следующие правила.**

Соблюдайте последовательность включения газовых приборов: сначала зажгите спичку, а затем откройте подачу газа. Если подача газа прекратилась, немедленно закройте перекрывной кран у горелки и запасной на газопроводе. При появлении запаха газа в помещении надо немедленно погасить топящуюся печь, закрыть общий кран на газопроводе и проветрить помещение. О каждой неисправности газовой сети или приборов необходимо немедленно сообщить в контору газового хозяйства. Перед эксплуатацией газовой печи и баллона пройдите инструктаж по технике безопасности у специалистов, получите документ на право эксплуатации газовых приборов. Не допускайте к газовым приборам детей и лиц, не знающих правил обращения с этими приборами. Не храните газовые баллоны в гаражах, в квартирах, на балконах. Заправляйте газовые баллоны только в специализированных пунктах. Самостоятельно не подключайте и не отключайте газовые плиты в квартирах. Не используйте газовые плиты для обогрева квартиры. Уходя из дома, не забудьте выключить газовую плиту и перекрыть вентиль на баллоне. При утечке газа не зажигайте спичек, не курите, не включайте свет и электроприборы. Собственники домов должны проверять состояние дымовых и вентиляционных каналов не реже 1 раз в год (не позднее чем за 7 дней до начала отопительного сезона, в середине отопительного сезона и не позднее чем через 7 дней после окончания отопительного сезона). В зимнее время необходимо периодически проверять оголовки дымоходов с целью недопущения их обмерзания и закупорки. Регулярно чистите горелки, так как их засоренность может стать причиной беды. При появлении запаха газа немедленно выключите газовую плиту, перекройте кран подачи газа, проветрите помещение и вызовите работников газовой службы по телефону «104» или пожарных и спасателей по телефону «101».

**М. А. Магомедов,**
**начальник ОМВД России по Гумбетовскому району**
**полковник полиции**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Воспользуйтесь мобильными дистанционными сервисами для оплаты за газ

**Для экономии времени потребителей газа и транспортных расходов, чтобы не посещать кассы и не стоять в очередях, поставщик газа рекомендует воспользоваться возможностями дистанционной оплаты за газ.**

Абоненты «Газпром межрегионгаз Махачкала» могут воспользоваться онлайн-сервисами и оплачивать счета за газ, не выходя из дома и не нарушая платежную дисциплину.

С помощью дистанционных сервисов – «Личный кабинет абонента» на сайте www.mkala-mrg.ru или мобильных приложений «Мой Газ» и «Газ Онлайн» – потребители газа могут в режиме онлайн получить информацию по взаиморасчетам, передать показания индивидуального прибора учёта газа, и главное – произвести оплату за газ без комиссии. Дистанционные сервисы удобны для тех, кто живет за пределами республики или хочет помочь родителям, старшему поколению произвести оплату за газ.

Позвонив по бесплатному номеру 8-800-200-98-04 абонент может получить консультацию у операторов по регистрации в «Личном кабинете абонента».

**Справка:**

«Личный кабинет абонента» отвечает главному требованию времени – максимальной простоте в использовании и экономии времени потребителя.

Версия личного кабинета доступна в виде мобильных приложений на платформах iOS и Android. Поисковый запрос для скачивания — «Газ Онлайн» и «Мой Газ».

**«Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Глава Гумбета Галип Галипов принял участие в проводах призывников

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов принял участие в проводах призывников из Гумбета, которые прошли на железнодорожном вокзале Махачкалы.**



Отметим, что новобранцы из Гумбета с честью несут срочную службы в разных регионах России в различных родах войск: в ВКС, в ВМФ, в Сухопутных войсках ВС РФ и т.д. Многие из них награждены за безупречную службу, победы в спортивных соревнованиях,



отличную физическую, боевую подготовку. Родители защитников Отечества из Гумбета получают благодарственные письма командующих воинскими частями за воспитание настоящих мужчин, храбрых защитников Родины.

Глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов уделяет большое внимание вопросам патриотического воспитания новых поколений и организации призыва в ряды военнослужащих ВС России. По итогам весенней и осенней призывных кампаний Гумбет признан одним из лучших муниципалитетов Дагестана.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Ингиши»

Решение: № 12

**с. Ингиши** **01. 12. 2023 г.**

**1. Утвердить бюджет МО сельского поселения «Село Ингиши» на 2023 год в размере 520,6тыс. рублей, и плановый период на 2024 год в размере 2201 тыс. рублей, на 2025 год в размере 2206 тыс. рублей.**

**а) Доходы:**

**2023г. 2024г. 2025г.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Дотация** | **484,5** | **1962** | **1962** |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 27,8 | 139 | 144 |
| Собственные доходы | 8,3 | 100 | 100 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 8,3 | 27 | 27 |
| ЕСХН | 0 | 0 | 0 |
| Земельный | 0 | 59 | 59 |
| Имущественный | 0 | 14,0 | 14,0 |
| **ИТОГО:** | **520,6** | **2201** | **2206** |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **а)** | **Аппарат управления** | **401** | **1524** | **1506** |
| **б)** | МКУК | 91,7 | 528 | 536 |
| **в)** | ВУС | 27,9 | 139 | 144 |
| **г)** | Выборы местного самоуправления | 0 | 0 | 0 |
| **д)** | Ф/К и спорт | 0 | 5 | 10 |
| **ж)** | Молодежная политика | 0 | 5 | 10 |
| **1г** | ЖКХ (благоустройство) | 0 | 0 | 0 |
| **ИТОГО:** | | 520,6 | 2201 | 2206 |

**Председатель сельского Собрания**
**З. Загиров**

**Секретарь Собрания**
**К. Газихмаев**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова

Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.